

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Masyarakat Sunda kiwari hirup kumbuh di lingkungan anu eusi pendudukna kawilang hétérogen. Hal éta téh nétélakeun yén manusa teu bisa hirup sorangan, sabab manusa kaasup mahluk sosial. Masyarakat Sunda geus tangtu ngalakukeun komunikasi jeung anu séjén, salasihijina nya éta maké basa Sunda. Hal ieu téh saluyu jeung Penjelasan pasal 36 UUD 1945 BAB XV, nu nétélakeun *yén wewengkon anu masih kénéh mibanda basa daérah, kayaning; Sunda, Jawa, Bali, Madura, anu dipiara tur diparaké ku masarakatna téh bakal dipiara tur diajénan ku Nagara*. Ku kituna basa téh mangrupa salasihiji unsur Kabudayaan Nasional.

Dina komunikasi éta aya sababaraha hal anu aya patalina jeung kahirupan sapopoé. Di antarana kakawihan kaulinan barudak anu bisa dianalisis ku urang. Kakawihan kaulinan barudak ogé mangrupa bagian tina pangajaran muatan lokal anu diperlukeun di sakola. Kakawihan salasihiji wangun folklor lisan Sunda anu umumna dikawihkeun ku barudak. Eusina ngawangun fungsi kréatif, ngeusian waktu luang, jeung guyonan. Hal ieu ogé teu bisa leupas tina kasang tukang kahirupan masarakat, sabab kakawihan téh lolobana dikawihkeun ku barudak anu waktu ulinna leuwih loba batan kolot.

Jaman kiwari kakawihan kaulinan barudak téh geus teu pati digunakeun deui ku barudak. Sabab saluyu jeung kamekaran jaman, kakawihan kaulinan barudak téh éléh daya irutna ku kaulinan anu leuwih modern. Kakawihan kaulinan

barudak di daérah Karawang ogé geus rék tumpur. Ku ayana ogé, frékuénsi pertemuan di kelas teu leuwih ti dua jam pelajaran. Ku kituna, ku ayana muatan lokal di sakola mangrupa tarékah pikeun siswa ngamumulé kakawihan kaulinan barudak. Lahan pikeun néangan bahan pangajaran loba pisan, diantarana ti narasumber anu apal pisan kana ma'na anu aya dina éta kakawihan.

Panalungtikan kakawihan kaulinan barudak bakal méré pangaweruh ogé informasi ngeunaan ma'na atawa ajén falsafah anu kakandung dina éta kakawihan, tur hasilna bisa mangpaat pikeun balaréa, hususna pikeun dunya atikan. Ku kituna urang salaku masarakat Sunda kudu bisa miara tur ngamekarkeun basa Sunda. Perda No. 5 taun 2003.

Saméméh ieu panalungtikan, geus aya panalungtikan ngeunaan kakawihan, anu kungsi dipedar di antarana: "*Analisis Rumpaka Kawih Tembang (Katem) Karya Nano S*" (Kania Pujasari, 2007), "*Lambang dina Kakawihan pikeun Bahan Pangajaran Kakawihan di SMA dina KBK*" (Tia Winaya, 2004), "*Kakawihan Kaulinan Barudak anu aya Di Kampung Sukaasih Kalurahan Sindangjaya Kecamatan Mandalajati Kota Bandung Dumasar kana Ajén Atikan.*" (Mira Rosmiati, 2009).

Dina panalungtikan Kania Pujasari dipedar perkara nganalisis wangun, isi, jeung unsur sastra anu aya dina rumpaka kawih tembang karya Nano S. Panalungtikan Tia winaya ngadéskripsikeun ngeunaan lambang dina kakawihan pikeun bahan pangajaran kakawihan di SMA. Dina skripsi Rosmiati (2009: 66)

medar ngeunaan tata krama, moral, pépéling sarta kahirupan manusa jeung kagiatanana.

Sok sanajan objékna sarua, tapi puseur paniténa mah béda. Dina ieu tulisan rék dipedar ngeunaan: "Ajén Falsafah dina Rumpaka Kakawihan Kaulinan Barudak Dusun Krajan 1 Désa Kutagandok Kecamatan Kutawaluya Karawang Pikeun Pangdeudeul Matéri Pangajaran Muatan Lokal Basa Sunda." Ieu judul téh dipilih ku lantaran can aya anu nalungtik.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Luyu jeung kasang tukang, masalah anu ditalungtik dina ieu panalungtikan diwatesanan sangkan teu lega teuing tur leuwih museur ngan medar ngeunaan Ajén Falsafah dina Rumpaka Kakawihan Kaulinan Barudak Dusun Krajan 1 Désa Kutagandok Kecamatan Kutawaluya Pikeun Pangdeudeul Matéri Muatan Lokal Basa Sunda. Kakawihan anu ditalungtik bakal dipedar tina ajén falsafahna.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana watesan masalah di luhur, rumusan masalah ieu panalungtikan disusun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- a. Jenis kakawihan kaulinan barudak naon waé anu aya di Dusun Krajan 1 Désa Kutagandok Kecamatan Kutawaluya Kabupatén Karawang?
- b. Ajén falsafah naon anu aya dina kakawihan kaulinan barudak éta?
- c. Kumaha lamun kakawihan kaulinan barudak dijadikeun bahan pangajaran di sakola?

### **1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Panalungtikan**

Dumasar rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga sababaraha tujuan anu baris dihontal, nya éta pikeun ngadeskripsikeun:

- 1) jenis kakawihan kaulinan barudak anu aya di Dusun Krajan 1 Désa Kutagandok Kecamatan Kutawaluya Kabupatén Karawang.
- 2) ajén falsafah dina kakawihan kaulinan barudak anu aya di Dusun Krajan 1 Désa Kutagandok Kecamatan Kutawaluya Kabupatén Karawang.
- 3) bahan pangajaran ngeunaan kakawihan kaulinan barudak di sakola.

#### **1.3.2 Mangpaat Panalungtikan**

##### **a. Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis hasil panalungtikan ieu dipiharep bisa ngabeungharan hasil panalungtikan jeung méré pangaweruh ngeunaan kakawihan kaulinan barudak.

##### **b. Mangpaat Praktis**

Hasil panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh ngeunaan kakawihan kaulinan barudak pikeun bahan pangajaran, jeung méré ajén falsafah pikeun urang Sunda anu hirup di Tatar Sunda.

### **1.4 Anggapan Dasar**

Anggapan dasar nya éta sagala bebeneran ngeunan téori atawa pamanggih anu dijadikeun tatapakan dina panalungtikan. Dina prinsipna sagala rupa anu tadi

téh bisa ditarima ku sakabéh pihak tanpa kudu diuji deui, (Suyatna, 2007:7).

Anggapan dasar nu jadi acuan penulisan ieu nya éta:

- 1) Kakawihan masih sumebar di masarakat.
- 2) Kakawihan ogé masih dipaké dina pangajaran sakola, aya dina materi SD, SMP jeung SMA.

## **1.5 Méthode jeung Tehnik Panalungtikan**

### **1.5.1 Méthode Panalungtikan**

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Méthode déskriptif nya éta salah sahiji méthode anu bisa ngaréngsékeun atawa ngajawab pasualan aktual ku jalan nempuh léngkah-léngkah ngumpulkeun data, nglasifikasikeun, nganalisis atawa ngolah data, nyusun kacindekan, jeung nyieun laporan.

### **1.5.2 Téhnik Panalungtikan**

Téhnik panalungtikan nya éta salasahiji usaha anu kudu dilakukeun kalawan méthode anu tangtu, sangkan udagan anu dipiharep dina hiji panalungtikan bisa kahontal (Nurani, 2003: 39).

Dumasar kana éta pamadegan, anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta: téhnik observasi, wawancara, jeung ulikan pustaka.

## **1.6 Lokasi, Data jeung Sumber Data**

### **1.6.1 Lokasi Panalungtikan**

Anu dijadikeun lokasi dina ieu panalungtikan nya éta Dusun Krajan 1 Désa Kutagandok Kecamatan Kutawaluya Kabupatén Karawang.

### **1.6.2 Data**

Anu dijadikeun data nya éta kakawihan kaulinan barudak anu aya di Dusun Krajan 1 Desa Kutagandok Kecamatan Kutawaluya Kabupatén Karawang.

### **1.6.3 Sumber Data**

Anu dijadikeun sumber data atawa informan nya éta jalma anu dianggap kokolot di éta masarakat, jalma anu apal kana éta kakawihan kaulinan barudak anu aya di Dusun Krajan 1 Désa Kutagandok Kecamatan Kutawaluya Kabupatén Karawang.

